Nomer 5 — Salasa 28 Juli 1925 (5 Mocharam 1343) — Taoen ka 2

Pembantoe sareng agen:
Priangan koelon
M. Sahari - Bogor

Priangan tengah
H. B. Pasoendan
Bandoeng

# SIPATAHOENAN

Soerat Kabar Minggoean dikaloearkeun koe Tjabang Pasoendan Tasikmalaja.

Ditjitak di Soekapoera drukkerij Tasikmalaja.

Pembantoe sareng agen:
Priangan wetan
M. G. Kartaatmadja
Tjiamis.

Djawa wetan:
Bestuur Tjabang
Pasoendan.
Soerabaja.

LANGGANAN.
Pangmirahna dina 3 sasih f 1,50
Satoen f 5,—
Dibajar ti pajoen, Salambar 15 sen.

Redactie:
Galoenggoengweg 49.
Administratie:
Stationsweg 33 Tasikmalaja.

Redaktoer:
ATMAWINATA
SOETISNA SENDJAJA
Redaktoer di Batawi
SOERIADIRADJA.

Directie:
Bestuur Pasoendan Tasikmalaja
Administrateur:
K. MARTAKOESOEMA.

Pangaos ADVERTENTIE:
1/16 katja f 2,— } Sakali moeat.
1/32 „ f 1,25 }
Langganan langkoeng mirah.

## Osvia.

Kapoengkoer samemeh goebrag datang robahan Osvia, S. P. parantos miloe ngaloearkeun timbangan nembongkeun kahajangna koemaha pihadeeunana. Handjakal harita kaboeroe kapegat koe tjetjek-botjekna, tjoel oedagan anoe pereloe. Ajeuna geus djadi, Osvia model heubeul teh baris dirobah, nja eta afdeeling A dileungitkeun ngan kari afdeeling B. na woengkoel. Anoe ditampa ka Osvia teh ajeuna mah kaloearan Mulo, sarta afdeeling A. Osvia geus noengtoet dileungitkeun. Koe Pamarentah keur ditimbang koemaha pialoeseunana robahan anjar tea. Koe lantaran eta perloe pisan oerang oge koedoe miloe ngaloearkeun timbangan deui, da oerang anoe pingarasakeuneun pait peuheurna amis pelemna koe eta robahan anjar teh. Djisim koering ajeuna sedja ngadjak ka sadaja kantja mitra soemawonna ka Djoeragan-djoeragan B. B., babakoena ka Djoeragan kaloearan Osvia, soepados pada kersa nembongkeun bedjah koemaha piloeloeloeseunana eta robahan anjar teh.

Kana leungitna afdeeling A diganti koe Mulo, koering teu rek pandjang tjarita, da geus djadi toer djeung sloesna deui, enja meunding Mulo henla bres di dinja koemboeh sarerea, teu aja ngaroegikeunana ka oerang, malah oentoeng,. sabab boeah Mulo leuwih pelem batan boeah afdeeling A anoe karasa ajeuna, tempat Mulo leuwih rea batan Osvia, apan Mulo mah di Tjirebon - Bandoeng, Bogor djeung Batawi ari Osvia ngan doea (Bandoeng Serang) di oerang mah. Loeang beubeunangan tjampoer djeung tina pangadjaranana, moal boa aja oendakna Mulo ti afdeeling A. Osvia teh.

Ngan koemaha ajeuna Osviana anoe enja? Tah di dieuna anoe perloe dimaranahan teh.

Osvia bakal dileupaskeun tina bagian lager-onderwijs kana bagian sakola loehoer. Aloes, sapoek, moepakat! Enja Osvia, piambtenareun mah koedoe asoep ka bagian sakola loehoer, anoe ngadjarna koedoe leeraar montong Onderwijzer sarta panoehoen koering mah dina kaloearna tea kedah aja staats-examen pikeun Osvia sa Hindia (Djawa djeung loear P. Djawa).

Ari anoe djadi leeraarna djaba ti noe ngawoelang elmoe hakim elmoe adat djeung elmoe-elmoe anoe lian teh, tetep koering mah boga panoehoen koedoe aja leeraar prijaji B. B. anoe geus legok tapak genteng kadek dina kaambtenaran, boh patih boh naon. Sarta basa priboemi di dinja oelah rek kaloeli-loeli.

Lantaran basa priboemi djadi hidji pakarang pikeun dina kaprijajian, di Mulona oge moerid anoe bakal asoep ka Osvia tea mah bakal dikoedoekeun miloe diadjar basa priboemi. Eta atoeran aloes, tapi koedoe aja djalan sedjen pikeun moerid anoe lian, anoe boga pikir kaping-boeri hajang ka Osvia sanggeusna kaloear ti Mulo, atawa anoe geus aja di kelas III Mulo tea oepamana. Eta oge moerid anoe tadina teu boga karep ka Osvia tea, oelah dipengpet teu meunang asoep, tapi koedoe dibereun djalan.

Ajeuna kantoen ngadegna Osvia di Soenda. Anoe aja ajeuna di Bandoeng sareng di Serang. Salah sahidji bakal ditjaboet baris leungit, da koe hidji Osvia oge ari moeridna ti Mulo mah geus tjoekoep, bisa nampa saratoes moerid afdeeling B. woengkoel anoe djoemblahna moenggoeh noe enggeus-enggeus mah di doea sakola teh teu aja 75.

Koe lantaran salah sahidji bakal leungit, oerang perloe njanggakeun timbangan, mana anoe koedoe teroes ngadeg, naha Serang naha Bandoeng.

Aja anoe hojong ngaleungitkeun Osvia Bandoeng, kedah di Serang ajana Osvia teh. Aja deui anoe milih Bandoeng, Serang anoe kedah dipitjeun.

Doeanana tangtoe 'pada aja sababna.

Samemeh Osvia Bandoeng tepi ka adjal, lamoen enja Serang anoe bakal meunang, koering hajang ngaitkeun heula katineung, njanggakeun timbangan perloena Osvia kedah aja di Bandoeng.

1. Tadi geus disebatkeun jen goeroena Osvia teh kedah leeraar, ari di Bandoeng rajap piiirareunana di Serang mah koerat-karet. Ieu ngoentoengkeun oge kana kas nagara.

2. Bandoeng dipikasieun geloengna meureun, pedah rea kembang tjarugin. Timbangan koering mah saroea bae di mana-mana oge, montong dipake kahariwang noe kitoe-kitoe bae mah; toeroeg-toeroeg geloeng teh teu goreng-goreng teuing, aja oge noeloengna kana boekana manah, mawa kana djembarna akal. Balikanan anoe mikoeng koe panjangtjang sok rea pikahariwangeunana Anoe bakal ngeusian Osvia teh ti Mulo anoe geus rada asak pamilihna, lain boedak, tangtoe geus boga wiwaha sorangan.

Balikanan lamoen sok di Serang, anoe tadina ti Mulo Bandoeng, Batawi Bogor tempat nagara anoe sakitoe halalegar harerangna, moal salah ngaroemas teu kaoer balas teu betah, tah ieu oge djadi hidji mamala kana madjoena pangadjaran.

Karempan koe geloeng mah kari koemaha anoe ngadjaring. Geuning T. H. S.; H. K. S. H. B. S. oge di Bandoeng naha ari Osvia rek sina mingsal ngadon tatapa sosoranganan?

3. Hawa Bandoeng miloe mantoean kana toemerapna pangadjaran.

4. Roepa-roepa sakola, roepa roepa pagoeron, roepa roepa bangsa roepa-roepa tongtonan gede goenana kana hiroepna djelema, pibekeleun djadi prijaji.

Osvia di Bandoeng moeridna bisa sagoeloeng sagalang silih simbeuh djeung noe lian.

Kaajaan tempat pakarangan djeung imah imah pakampoengan katoet ka djelema-djelemana di loeareun sakola di Bandoeng, djadi panambah pangadjaran aja panarikna kana kamadjoean akal djeung ati. Boh tina basana boh tina tingkah polahna, boh tina papakeanana oerang Bandoeng teh, rea pisan poeloenganeunana anoe teu kapanggih di Osvia (sakola).

Djaba ti ieu manawi seueur keneh anoe djadi sabab pang koedoe tetep di Bandoeng.

Soepaja oelah matak handeueul di ahirna, tjeuk koering mah perloe sadajana ngaloearkeun timbangan sarta perloe deui „Pasoendan" singkil njanggakeun advies ka Pamarentah, da tjeuk koering mah teu beda-beda teuing ti dajeuh Propinsi perkara Osvia oge pentingna pikeun Bandoeng teh.

Poer ti kiwari bisi kaporotan!

## Geuning kitoe tjek batoer mah!

— o —

Dina Het Ind. Volk. ddo 7 Mei 1925 No. 308, dina artikal Mei Viering toean Stokvis parantos njarioskeun pamanggihna hidji oerang Duitschland (toean Helfferich) noe dimoeat dina soerat kabar „Deutsche Wacht", jen saenja-enjana noe djadi rasiah kapital asing teh noe matak sakitoe galede oentoengna, eta tjenah lantaran pegawena di dieu katjida moerahna bajaranana.

**( . . . ; dat de ruime koloniale winsten alleen mogelijk zijn door de soberheid van den Javaan waardoor het arbeidsloon zoo laag kan zijn).**

Tjek sim koering dina djero hate pantes, da poegoeh oge kitoe njatana. Di mana atoeh bangsa oerang noe galede gadjihna, entong boro di maskape maskape atanapi kontrakan-kontrakan, sanadjan di Goepernemen oge ngan oekoer kabagean kelas goeroebongna, sadaja tidedet kana Schaal A Schaal B babakoena koe Walanda Indo, ari C keur bagean Totok (geimporteerde krachten).

Eta tina perkara soberheid (hiroep leutik) atoeh koemaha rek bisa hiroep ngeunah, ari ti dipoena oekoer dipere nahkeun dina kelas kambing mah.

**Ngaran tjoekoep teh** singhoreng ka tjida beda pihartieunana moen diterap keun ka oerang Walanda. Di ditoe mah pihartieunana nja eta: imah imah (roemah tangga) tegep, pangasilanana (gadjihna) gede **sarta nepi ka bisa njesa keur njengtjelengan.** Lamoen teu kitoe eta tjenah ngaranna: **ellendig.**

Koemaha ari di oerangna noe diseboet gadjih tjoekoep teh.?

Seueur djelema noe ngama'naän kieu: Dahar henteu soesah-soesah **teuing**, pake teu goreng goreng **teuing**, imah (sanadjan njewa) **rada pantes**, kasoer boga sarta anggel aja 4 – 5 na. Oepami langkoeng ti sakieu wah! hiroep senang pokna!

Njengtjelengan? Beu, pimanaeun!

Tapi eta hiroep noe sakitoe parantos **soberna** teh, aja keneh bae noe nitah leuwih **sober** deui.

Pokna soepaja gantjang madjoe. Moal kitoe madjoe ka koeboer mah? Atawa tilelep dina laoetan hoetang?

Toean Zuijderhoff lid anjar di Volksraad, (gagantina toean Ahn) lid tina perkoempoelan I. E. V. tina P. E. B. sarta djadi wakil tina Malangsche Landbouw Vereeniging parantos njarios di Volksraad kieu:

. . . . . een snellen groei . . ., dien ik zeer zeker boven alles voorsta en waarvan ik overtuigd ben, dat hij niet zal worden tegengehouden, maar eerder bevorderd zal worden door een versobering van het leven van de ingezetene. (Zie Onze Stem 30 Juni 1925 blz. 556).

Pimaksoedeunana:

„ . . . hidji kamadjoean noe gantjang . . .. noe koe sim koering katji da dipikahajangna, sarta koering jakin jen moal pisan bakal djadi halangan, malah sabalikna anggoer tambah madjoe, moen oerang priboemi daraek hiroep leutik". (hiroep sabar, narima).

Sim koering bet rada hajang seuri, na asa teungteuingeun teuing, bet teu ngaragap hate sorangan. Koe rarasaan ajeuna oge geus hiroep koerat-karit, ajeuna tjenah koedoe tambah, koerang keneh!

Pikeun djelemana (oerang priboemi) noe sok ngahadja mitjeunan doeit dipake rorojalan, ngaladjoer napsoe memang pantes diingetan, tapi ari rek dihoeroen soeloehkeun dibeungkeut seureuhkeun kitoe mah entong djrg. Zuijderhoff! Ari bangsa noe neda gadjih mah, da ajeuna ge hiroepna parantos leutik, lamoen dileutikan deui nja meureunan kari . . . . toelang.

Tjing sim koering nanja: Ka mana madjoena noe gantjang teh?

Sanes ka koeboer??

Bet abong-abong!!

S. d. H.

## Serat kintoenan.

Kahatoer
ka pajoenan pilenggah para
djoeragan Istri
di sakoeliah tanah
PASOENDAN.

Kalajan baktos hormat,

Kaoelanoen sareng ieu serat anoe nganggo djalan dina Sipatahoenan djisim koering njanggakeun kawiloedjengan ka lenggah para Djoeragan Istri sadaja.

Sareboe hatoer hebendoe, salaksa neda doedoeka, bilih ieu serat djisim koering, aja anoe njentoeg kana manah, sanget panoehoen djisim koering moegi ageung pangaksami, nja kitoe deui oepami ieu seratan henteu kamanah, moegi oelah rengat galih.

Djisim koering istoe pitoein oerang Soenda, koe raraosan djisim koering teu kinten ageungna katjintaan ka bangsa sareng lemah tjai djisim koering. Koe margi teu bahan, atoeh katjintaan djisim koering teh moeng dina hate bae.

Teu kinten ngaraos nalangsana ningal bangsa djisim koering henteu roekoen sareng bangsana, malah rereana mah pagirang-girang tampian, padahal nja eta pisan anoe matak ngahalangan kana kamadjengan teh.

Soepaos bangsa oerang tiasa roekoen, kantenan kedah aja pangadjaran ti keur boedakna keneh, nja kitoe deui pangadjaran teh henteu tjekap koe di sakola bae, da kantenan oerang para Istri anoe djadi iboe, kedah ngabaladah dadasarna boedak teh, geuning aja basa jen iboe teh goeroe anoe ka hidji.

Doepi koe emoetan djisim koering, pikeun ngaleungitkeun watek boedak pagirang-girang tampian djeung pada batoerna, anoe engkena ngalemah sanaos geus tjoekoep oemoerna oge, eta teu aja sanes kadjabi ti oerang anoe djadi iboe kedah ngawoela ka wajahna, wajahna siga bina oelah ngakoe anoe lain, lain tjarogean ka pangkatna.

Parantos loembrah pisan di tanah Pasoendan mah, djenengan para Istri teh sok dilandih, njabit-njabit kana pangkat tjarogena, oepamina bae Nji Wadana Nji Mantri sareng djabi ti eta, padahal para Istri teh samasakali teu tjampoer kana damel tjarogena tea. Dina leresna pangkat anoe rada loehoer mah nja aja sakinten rada raos kakoepingna teh.

Koemaha oepami Nji Toekang Gardoe? Nji Toekang ngarit sareng djabi ti eta.

Nja kitoe deui kapangkatan teh henteu langgeng, sok aja lirenna oentoeng oepami liren sareng kahormatan, Nji Tjamat pangsioen, Nji Mantri erpol. Koemaha oepami dilepas? Moal enja Nji Tjamat onslah atanapi Nji Loerah dihoekoem mah, teu raos temen kadangoena

Djabi ti kitoe Istri teh sok aja anoe dikeser koe tjarogena, nanging kapangkatan tjarogena sok kababantoen keneh bae, padahal geus lainlainna deui. Oepami kagoengan tjaroge deui teh, sok aja keneh bae anoe njebat Nji . . . . njebat pangkat tjaroge kapoengkoer. Koemaha oepami kadangoeeun koe tjaroge anoe anjar tea, naha moal raheut manahna?

Sareng rea-rea deui kaawonan perkawis eta.

Doepi anoe pangawonna pisan mah, nja eta kadenge koe boedak, anoe koe oerang kedah disidik kana kasaean, oepami oerang disebat Nji Mantri kantenan boedak teh, boga rasa ieu aing doemeh poetra Djoeragan Mantri, dina oelin djeung babatoeranana oge geus boga rasa leuwih moelja ti batan anak Pa Tjitra, padahal boedak teh anoe teu atjan kantenan tea baris djadi pangkat naon engkena.

Koe emoetan djisim koering, soepaos baroedak teh tiasa lajeut sareng baboeranana, roekoen silih adjenan, nja oerang anoe djadi iboe kedah ngarobah tintjak, ngarobah djenengan anoe njabit-njabit kana pangkat tjaroge tea, da kapan ti barang lahir oge parantos kagoengan djenengan koe andjeun. Oepami henteu kitoe oge, atoeh teu naon-naon njabit-njabit ka tjaroge oge, nanging kana djenenganana sanes kana kapangkatanana, oepamina Nji Wangsa, Nji Joeda sareng djabi ti eta, noeroetkeun djenengan tjaroge tea.

Moegi oelah aja sangka jen Istri nganggo djenengan tjaroge teh, model kaeropaan, istoening teu pisan-pisan, mangga tingali di Djawa, kapan geuning kieu: Den Nganten Karto, Mas Adjeng Tirto, Bok Ajoe Wongso, sareng djabi ti eta.

Di Soebang djisim koering parantos ngoeping kieu: Nji Raden Karta, Nji mas Soeta sareng djabi ti eta.

Nganggo atoeran anoe disebat tjikeneh teh, kantenan oepami anjar keneh mah, nja aja bae teu raosna teh, asa toeroen harkat, padahal teu kitoe kieu.

Nanging oepami parantos lami-lami mah nja kantenan raos deui, nja sapertos oerang Djawa ajeuna.

Doepi mangpaatna teu kinten ageungna teh, nja eta:

a. Harkat Istri tetep merdika henteu goemantoeng kana pangkat anoe djadi tjaroge.

b. Oepami tjaroge liren tina kapangkatanana, oerang tetep goemoesti, da sanes dipigarwa koe pangkatna, nanging koe djalmina.

c. Oepami pondok djodo. moal lingsem tjarogean ka anoe sahandapeunana.

d. Moal aja anoe njebat deui kana pangkatna tjaroge kapoengkoer.

e. Moal matak raheut kana manahna tjaroge noe anjar tea.

f. Baroedak moal adigoeng kamagoengan, boga rasa saroea harkatna djeung babatoeranana, anoe narik kana karoekoenan, oepami parantos biasa roekoen ti keur boedakna keneh, tangtos pisan kaditoenakeun oge nja kitoe.

Kapan roekoen teh ageung pisan goenana, kaperloean bangsa sareng lemah tjai.

Baktos djisim koering

Ratna (Nji Soeparta)

Bogor postmerk.

## Bedja ti beh wetan.

Dina dinten minggoe ddo. 5 Juli 1925 di Semarang diajakeun vergadering di antawis babatoeran oerang Soenda noe ngoembara di Semarang. Maksoedna nja eta bade ngajakeun pakempelan toeloeng tinoeloeng di antawis babatoeran. Sapertos dina keur karerepet, dina ngilari kamadjengan sareng djabi ti eta noe kinten kinten pisaeeun ka lid lidna. Noe ngaloeoehan ieu pergadering kirang langkoeng aja 50 djelema pameget istri. Ti pihak politie noe ngaloeoehan Djr. Ating Natadikoesoema noe djadi Commissaris van Politie di Semarang (asal Soemedang).

Noe mingpin vergadering Djr. Satjadihardja sareng Djr. Soewitadipoera dibantoe koe Djr. Goemawang sareng Djr. Saleh.

Saparantosna seep pagoentrengan silih tempas njarita, pakempelan dingaranan „Soenda Ngoembara" Doepi

maksadna bade ngajakeun:
Beprafenis-fonds.
S. Ng. Bank-
Cooperatieve-verbruiksvereeniging.
Ngamadjengkeun pangadjaran-pangadjaran noe mangpaat.
Bibliotheek.

Sareng babakoena pisan ngamadjengkeun doedoeloeran di Samarang di antawis oerang oerang Soenda noe ngoembara.

Noe djadi bestuur noemoetkeun seueurna stem njaeta:

Djr. Satjadihardja. Voorzitter.
„ Moh. Saboer, Vice- idem.
„ Moh. Saleh. Secretaris.
„ Goemawang
„ Isroil
„ Kawadji } Commissarissen.
„ Ahmad
„ Natadiwiria

Satadina bade ngajakeun Tjab. Pasoendan, tapi vergadering moepakat ieu bae heula. Koemaha Djr. Redacteur? (*)

Mh. S.

(*) Eum. na asa ka Mekah teu ka Madinah. Naha teu aremoet ka marhoem djoer. Alibasah Soeriaamidjaja, gagah rongkahna. Tjabang Pasoendan harita, asa sagenj teu hidji-hidji atjan noe aremoet. Naon pamboeganana?

Tjenah haloean, mapan noe disebatan di loehoer oge, noe dipadjeng koe Pasoendan teh eta pisan. Moegi moegi bae ka sadajana dibarempagkeun deui soepados djadi Tjabang. Moendoet erkenning ka H. B. Bandoeng Pandjoenan weg 79.

Red.

## Ka para saderek di Semarang.

Kringggg . . . . . halo!!!! saderek-saderek di Semarang aja linggih? Koemaha parantos harilap ka Pasoendan, anoemawi doegi ka ngababakan deui koe andjeun! Babakan „Soenda Ngoembara" geuning.

Djoeragan djoeragan Satja, Moh. Saboer, Saleh, Wiriadinata, Goemawang, Isroil, Natawiria, Achmad, Koewadji Soewita, Natadikoesoema sareng saderek-saderek noe sanes noe genep poeloeh tea, naha arandjeun teu aroeninga kana ajana Pasoendan ajeuna? Tingali Sipatahoenan sakitoe reugreugna. Tjing kena-kena parantos aranggang, tjeuk babasan Walanda tea mah „uit het oog uit het hart", panoehoen teh oelah kitoe, kedah taringali Soerabaja sareng Batawi, tebih-tebih ge teu harilapeun geuning kana ngaran Pasoendan teh!

Tjing naon atoeh maksoedna „Soenda Ngoembara" teh, wartosan toeang saderek, noen! (Mangga djadikeun Tjabang Pasoendan. corr).

Hoermatna
K. S. P.

## „Pamendak."

Kaleresan dina hidji dinten keur waktos bade poēna, sim koering djalan djalan ka desa Senajan bawahan onderdistrict Kabajoran, di dinja sim koering eureun di hidji waroeng bangsa priboemi, bade meser roko, sambian ngareureuhkeun tjape. Sim koering panganggoeran tatanja ka noe toenggoe waroeng, koemaha madjeng henteuna hal dagang dina waktos ieu doepi sanggemna noe toenggoe waroeng teh dina waktos ieu mah aja sakinten madjeng oge, dina sadinten rata-rata tiasa kenging f 100— atoeh sakitoe mah sanggem sim koering teh sanes madjeng oge, da ngemoetkeun dina alam ajeuna mah kenging disebatkeun madjeng sakitoe teh.

Sim koering naros deui ka noe toenggoe waroeng, saha noe gadoehna sareng naon margina noe mawi ngadegkeun eta waroeng, naon toedjoeanana, doepi sanggemna teh, anoe gadoeh ieu waroeng andil, ti 400 djalma kenging artos oeroenan f 600.— ajeuna artos anoe f 600— teh parantos djalan 3 sasih ieu kinten-kinten parantos djadi f 2000.— doepi margina noe mawi ngadegkeun waroeng teh kieu: Geura mangga bae tingali waroeng waroeng atanapi toko-toko di kota saha noe gadoeh? Ti toko-toko anoe arageung dongkap ka waroeng waroeng noe aralit teu taja sanes noe gadoehna teh moeng bangsa asing bae, geus poegoeh ari Maatschappy mah, nja aja oge bangsa priboemi anoe ngagadoehan toko di kota namoeng teu pati seueur.

Sawangsoelna naha teu aloes oepami oerang desa Senajan aja hodjah kana ngagadoehan waroeng, atoeh ki langbara ngagadoehan toko atanapi Maatschappy onaman sapertos bangsa sedjen, noe kalawan ngangggo modal milioenan, atoeh oerang mah ieu bae waroeng alit heulaanan, kangge kaperloean di kampoeng sadidintenna, toer modalna moeng oekoer ratoesan, oelah sagala teh moeng meseran ti bangsa Asing bae, bade iraha deui madjengna bangsa priboemi, oepami, henteu bergerak ti ajeuna. -

Koe lantaran kitoe nja teras oerang desa ieu ngadamel andil kangge modal ieu waroeng noe didjoealna roepi roepi barang sareng kadaharan kangge kaperloean di kampoeng, malah oepami parantos katingal langkoeng madjeng mah tjita-tjita sadaja noe lebet andil bade ngadjoeal oge kain poetih (katji-katji s. s. t. ditimbang perloe oge margi di ieu desa sadjarina tina dagang teh aja deui anoe djadi pakasaban, babakoena tina ngabatik samping)

Tah kitoe margina sareng toedjoeanana noemawi ngadegkeun waroeng andil, babakoena pisan mah koe hajang madjeng bangsa priboemi teh tina hal dagang.

Koemargi parantos lami teuing sareng parantos boerit teras sim koering amit wangsoel ka noe toenggoe waroeng, sapandjang djalan sim koering teu weleh-weleh moedji kana kagoejoebanana somah Senajan, parantos ngarti kana oeroesan Economie, dibaroeng koe ngiring bingah sareng nga bantoe ngadoe'akeun ka Roboel'alamin moegi moegi eta waroeng tiasa teras sareng woewoeh madjengna, sarta moegi moegi tiasa nepi ka noe dimaksad tea. !!!.

Disoehoenkeun ka Djoeragan Redacteur moegi kersa ngabeberes kana ieu karangan, sadjabina sim koering njoehoenkeun dihampoenten.

A m i n.

K. P.

Kebajoran datum postmerk

## Hal Indonesia (Levensverzekering).

Di dieu asa perloe pisan diterangkeun deui kaajaan Indonesia njamboeng kana toelisan Ehem dina No. 3, nja eta bisi matak mamawa ka sarerea, da lain saoerang bae anoe arambek teh satadina mah ka Indonesia teh nja eta koe lantaran teu meunang ngadjoeal polisna. Tapi barang geus meunang katerangan deui jen ajana circulaire njetop teh ngan keur taoen ieu bae, engke mah taoen 1926 meunang deui sabiasa, nja eta ti mimiti Januari biasa deui.

Ka'oearna Cirkoelir Indonesia anoe njetop ngagade atawa ngadjoeal polis tanggal 13 Juni 25, samemeh eta na'i rea anoe mareunang ti Indonesia teh. Boekti ti kota Tasik oge aja 3 anoe hasil ngarindjeum sawareh ngadjoeal polisna.

Tjenah aja noe teu meunang eta mah meureun keur sesedengna riweuh tea, rea leuwih ti biasa anoe ngarindjeumna, datangka Directie kapaksa njieun eta circulir, da katimbang sarta jakin jen kalaloearna teh koe lantaran kababawa koe kasieun bae, nja eta samaroekna Indonesia anoe tigoeling teh, padahal masih nangtoeng toer enjaan masih kadoegaeun nangtoengna, teh.

Pantes Indonesia bakal bangkroet oge oepama sagala verzekerden dikaboel pamentana eureun, noematak ajeuna disetop sarta dibere katrangan sabar nepi ka Januari '26 oelah waka areureun da arandjeun pang areureun teh laip samanea, nja eta katjampoeran pangadjak deungeun anoe ni at ngagorengkeun ka Indonesia. Tah sakitoe pamendak sim koering, noeroet sakaterang koering ti pihak Indonesia. Hal ieu disoemanggakeun ka Directiena bae.

D.

## Irrigatie Tjitandoej.

Dina H. B. No. 144 dd. 1 Juni 25 djr. Martawidjaja geus ngadadarkeun tina perkawis ngabendoeng Tjitandoej lebah Indihiang sarta ditetek kaperloeanana, hal ieu katjida ngaboengahkeunana ka sanagara Soekapoera.

Koe Pasoendan afdeeling Tasikmalaja ieu voorstel disimpen enja-enja dina manahna, malah dina openbare vergadering 5 Juli 1925 geus dianggap eta panoehoen oerang djalankeun, koe djalan nete taradje nintjak hambalan tea, mimitina atoeh ka noe ngageugeuh dajeuh, ti dinja sabeh ditoeeunana, ahirna deui disanggakeun ieu panoehoen ka Kangdjeng Regent Bandoeng, soepados diwajangkeun di VOLKSRAAD. Moegamoega koe andjeunna didamel hidji kawadjiban anoe oemoem, nja kitoe deui koe Volksraad dianggap penting sarta digentakkeun ka Pamarentah.

Di dieu perloe oge diterangkeun hal perloena anoe katjida gedena:

Wewengkon district Tasikmalaja djeung Manondjaja waktoe ieu ngan sabagian teu gede bae anoe meunang tjai ngotjor, rea anoe noenggoe tjihoedjan bae, oepama Tjiloseh digedean koe Tjitandoej tangtoe njaliara ka Tjimoeloe ti dinja warata kabagi tjai sakabeh sawah katoet balongbalong, tangtoe ajeuna mah moal aja sawah dikelas-kelas nepi ka 4, tapi djaradi No. 1 padjegna oge gede, nja kitoe deui pisawaheun bisa djadi sawah, tangtoe nambahan hasil, terkadang bisa narik hasil 2 kali lipet ti ajeuna. Djelema tambah soegema, nagara tambah rahardja; abdi-abdi soeka seuri moal merengoet ditarik padjeg da aja tea, moal datangka harese mere lamoen ditagih koe kapala.

Ras deui inget ka Bandjar anoe koe sadaja oge kama'loem koerangna tjai malah dina Sipatahoenan doeka No. sabaraha kapoengkoer aja noe ngotjeak ti Bandjar hajang irrigatie, moerstelna soepaja ti Tjimoeloe diteroeskeun ka Bandjar, madjar teh geus aja ti ditoena jen koedoe ti eta soesoesoekan, hal ieu beunang dipertjaja jen Bandjar teh tjaina koedoe ti Tasikmalaja, nja ti Tjitandoej tea. Hal ieu beuki tetela bae Irrigatie Tjitandoej teh lain pikeun doea district bae tapi keur 3 distrikeun, anoe mang ratoes-ratoes reboe baoe sawah bisa katjaian sarta mang reboe-reboe deui sawah noe baris diboeka tangtoe katjaian.

Koe sarerea geus karasa abotna majar padjeg teu koedoe diterangkeun, koe sarerea tangtoe engke mah karasa kaperloeanana majar padjeg, dimana laksana aja tjai, tangtoe koe sarerea karasa kangeunahanana koe lantaran kaanteur karepna, kaasoeh kaperloeanana nja eta dipoepoedjoekeun dibere irrigatie TJITANDOEJ tea, ahirna koe sarerea karasa sarta boekti kanjaahna Pamarentah koe lantaran ieu irrigatie.

Moega-moega hal ieu oelah datang ka nalapoeng, enggal diparios deui Opzichter a Ingenieur anoe bakal njieun begrooting ongkosna sarta dina Raad Kaboepaten 1e zitting moega ieu maksoed didadarkeun koe lid-lid sing nepi ka hasil.

Aja deui noe koedoe diingetkeun, bisi bae Pamarentah ngadjawab: teu aja doeit. Oerang oelah leutik hate, da biasana Pamarentah mah sok kitoe, koe oerang koedoe dibantah deui, hal hoetang ajeuna Pamarentah teu sapira, da aja dina kareta api, pagadean djeung palaboean anoe bisa ngasoepkeun doeit sarta batian ka toekang geloet oelah rea teuing ngabajoean, ka pandita-pandita koedoe djeung kira-kira merena, ka toekang hiber oge oelah totomplokan teuing, anggoer perlōekeun heula eusi beuteung, nja eta irrigatie tambahan soepaja beuteung areusi, lantaran beuteung eusi tangtoe kasehatan tambah, pikiran tambah harade. Ah sakieu bae heula engke deui oerang samboeng.

Si Saka bin Bapa Saka.

### Samboengan Sp No. 52
## „Pangasih Toehan" ngoengkoelan „Pangaroehna doeit"

Geus tetela pisan, aja noe ngoengkoelan kana kamangpaatanana pangaroehna doeit.

Moenggoeh djelema anoe ngoelik kana kamadjoean, koedoe njokot panganggona anoe berboedi. Djelema anoe berboedi tara mikaresep anoe satengah mangpaatna. milihna ka anoe leuwih mangpaat . . . . . . . . . Saperti kana doeit, da mangpaatna teh baris di doenja woengkoel, pikeun ni'mat leutik bae, djadi henteu sabaraha popohoanana, teu sabaraha disanghareupanana koe hatena. Mana mana milik manehna noe halal noe moechlis, dirawatan hade-hade.

Ngan henteu dipake goemantoeng dina hate.

Perkara dioeroesna, dirawatanana, memang diparentah koe Kangdjeng Nabi. Jen sipating harta banda koedoe hade-hade ngoeroesna, oelah sapek, djeung deui oelah dipake goemantoeng hate, tjoemantel dina hate, eta oelah. Ari goenana nja eta keur ngeusian kawadjiban nafakah pamadjikaun, djeung keur djalan kakoeatan, koemawoela ka Pangeran djeung pikeun amal (sidekah) saperti, netepan roekoen Islam anoe lima perkara, atawa dipake noeloeng-noeloeng ka noe meunang tjilaka, ka noe meunang kasoesahan djeung mere ka noe malarat (ka noe miskin).

Kitoe deui moenggoeh anoe berboedi mah, anoe disanghareupan koe hatena leuwih gede mangpaatna, ti batan pangaroehna doeit, nja eta neangan noe baris ngaroengkoep atawa ni'mat anoe ladzat.

Rasa njeri karoengkoep koe eta mah, euweuh njeri.

Rasa henteu ngeunah karoengkoep koe eta euweuh teu ngeunah.

Soemawonna lamoen teu aja panjakit, eta mah ngan ni'mat bae woengkoel. Lamoen oenggal djelema geus njaho ka dinja, tangtoe kabeh pada njanghareup ka dinja, nja eta kana pangroengkoep rasa, sabab tangtoe kabita koe ngeunah saoemoer-oemoer. Saha noe teu hajang hiroep euweuh teu ngeunah?

Saha noe hajang hiroep henteu soesah?

Moenggoeh anoe geus kapandjingan koe pangroengkoep rasa, madjan henteu boga ridjki teu soesah.

Aja oge kanjeri henteu soesah, malah teu karasa njeri. Aja bantjang pakewoeh koemaha bae, mokaha kalindih koe nimat pangroengkoep rasa tea.

Koemaha rek aja kanjeri uja kasoesah, da rasa geus diroengkoep geus diboelen koe kani'matan sakitoe ladzatna.

Rasa geus amis woengkoel, moen amis tea mah.

Naon eta teh?

Nja eta P a n g a s i h T o e h a n, lamoen tjek basa Arab mah R a h m a t . . . .

Galibna eta rahmat kapopohokeun, atawa sawareh mah henteu-henteu atjan njaho, teu meunang bedja-bedja atjan jen aja P a n g a s i h T o e h a n, ka sakabeh machloekna nja eta rachmat. Sakabeh anoe koemelip di Alam doenja. eta henteu lepat tina pangasih, temen temen kabeh oge djeung pangasih T o e h an datang ka bisa hiroep, djeung bisa oesik, bisa malik, bisa obah sakarep-karep ma lah meunang ridjki teu koerang-koerang. Geus kitoe lampahna hiroep sapopoē, kalawan kasalametan, eta koe pangasih T o e h a n bae . . . . .

Geura machloek noe nomer hidjina djelema.

Koe diajakeun oge eta pangasih T o e h a n.

Koe didjadikeun djelema eta pangasih T o e h a n.

Koe dihiroepkeunana eta pangasih T o e h a n.

Koe diridjkian teu koerang-koerang pangasih T o e h a n.

Koe dioesikkeun diobahkeun teu koerang-koerang pangasih T o e h a n.

Koe boga bodjo boga anak teu koerang-koerang pangasih T o e h a n.

Pendekna mah. geus sagala roepa bae eta kabeh rohmat pangasih T o e h a n.

. Geura mangga maranahan . . . . .

Eta kabeh ti diajakeun nepi ka ajeuna sakitoe ngabroegbroegna pangasih T o e h a n ka oerang.

Entong loba-loba heulaanan, eta bae napas, ambekan sakitoe ni'matna, sakitoe ngeunahna, longsong, logor, nepi ka henteu karasa-karasa atjan, eta kadar T o e h a n ka diri oerang, rahmat gede pisan, tapi lolobana meh henteu diingetkeun . . . .

Geura kieu oepamana, heug ajeuna eureun, Pangeran teh henteu maparin pangasih ka diri oerang, semet kieu bae, oepamana, eureun bae . . . . maparin bisa ngambekan, henteu maparin bisa malik, atawa henteu maparin ngeunah, koemaha pirasaeunana tjiiiiing??

Laaaaah! Ampoen? Goesti! Ampoeoeoeoen!!

Moenggoeh djelema anoe Iman mah, anoe roemasa diajakeun koe Pangeran, saetak saeutik, saloengkah salengkah teh, henteu weleh-weleh, noehoen, henteu weleh weleh sjoekoer, banget, narimakeunana.

Kitoe deui henteu pegat, henteu bosen njoehoenkeun sarta ngarep-ngarep pangasih T o e h a n anoe baris kadjalanan, pikeun ka hareup.

Da ari pangasih noe enggeus mah, nja eta ti barang oerang diajakeun digelarkeun ka Alam doenja, nepi ka ajeuna, sakitoe lobana, pirang-pirang kani'matan eta wadjib nganoehoenkeun, koedoe banget nja narimakeun . . . . .

Saenggeusna kitoē ajeuna oerang njoehoenkeun deui „P a n g a s i h T o e h a n keur baris ka hareup, ngarep-ngarep masing banget . . . . . .

Tjoba bae geura koe oerang dipikir, anoe leuwih djero, dilenjepan koe ati sanoebari. Entong-entong nepi ka pegat pisan, kakara koe dieureunan sakeudeung bae, saperti kataradjang rarieut, atawa njeri hoentoe, atawa njeri awak, kapan sakitoe henteu ngeunahna sakitoe karipoehanana poesing, njeri, roedet aja kabeh.

Noe matak oerang keur sadjero tjageur djag-djag waringkas oelah koerang-koerang narimakeunana . . . . .

Mo. Sa.

bade disamboeng.

## Ti Laoek boeroek miloe midjah.

Djisim koering kaom koena Kiesmau no 1 di desa Sitoebatoe, Onderan Tjimaragas (Bandjar) parantos mikir-mikir ngangen-ngangen kana perkawis milih baris Lid Raad Kaboepaten tea.

Sa district Bandjar moeng diajaan 2 Lid tea bae, tah noe 2 Lid teh. djadi wawakilna Soara Sadistrict: Djadi noe dipilih teh koedoe Djelema noe Sampoerna, noe katimbang beunang dipertjanten diandelkeun kana marga kasaean, kaberesan, kaoetamaan (kaamanan). (koemaha tjontona? corr).

Menggah emoetan Sim koering oepami aja mah, pidjalmaeunana pilihenn di salebet district Bandjar, hojong pisan mendak noe saroepi kasebat di handap ieu:

a Djelema noe beresih, setra moeloes djeung setia ka noe ti loehoer ka noe ti handap, tegesna noe teu atjan aja sangkoetanana perkawis poelitie sareng pikiranana noe tetep anteb sarta ngandjahokeun kapentinganana noe ti loehoer noe ti handap, oelah beurat sabeulah (rada sesah ieu teh. Corr).

b. Noe terang saeutik eutikeun kana bab angger-anggeran nagara enz.

c. Noe terang paham sorangan lain bedja, kaajaanana abdi² di kampoeng-kampoeng di desa-desa, paripaos: Oeteuk tongo walang taga, sagala botek roēk, salakatselekot repatrepit di desa desa kampoeng-kampoeng.

d. Noe katimbang bisa nimbang-nimbang perkawis noe pisaeeun noe piawoneun, mambrih, roekoen goejoeb roepah rapih, redjeh, (Mamoer).

e. Noe katimbang bisa ngahatoerkeun pioendjoek (moerestel) dina medan pakempelan tea, naon bae noe djadi kaperloean oemoem enz.

f Noe wanter wani karana bener ngaloearkeun soara dina medan tea.

g Noe oeninga kana perkawis ka sopanan (kana tata titi tatakarama) oelah doesoen

h Noe katimbang djelema daek kernaallah, oelah noe medit noe ngitoeng roegi, margi noe djadi Lid R. Kaboepaten teh teu digadjih.

Tah hojong mendak djelema noe saroepi kitoe noe dipilih kana lid R. Kaboepaten teh.

Namoeng hojong pisan aja 1 kapala (Koewoe) noe kapilih kana lid R. Kaboepaten, noe katimbang bisa njoempona sakoemaha noe dipimaksoed di loehoer, etang etang pikeun djadi bodorna bae. (koemaha oepami dibenoem? corr.)

Koemaha menggah djoeragan djoeragan Kiesmau noe sanes sanes, bade milih pielidenn R. Kaboepaten teh, djelema noe koemaha?

Salam hoermat ka sadaja noe maos poen.

L. b. M. m.

Sitoebatoe.

## Njeri beuheung sosonggeteun.

Djisim koering teu weleh-weleh saban dongkap Sipatahoenan noe diboedjeng-boedjeng ditingalan diboelak balik soegan aja noe kersa kerna allah masihan timbangan koe pamoendoetna Sipatahoenan tanggal 12 Mei no. 46, noe diserat Pagoeron ponggawa desa tea, moeng doegi kawaktos ieu lebeng keneh bae kitoe deui noe sanggem ngaladjengkeun masihan katrangan noe langkoeng

sampoerna.

Djisim koering pertjanten katjida kana seueurna noe oeninga, kana nga batoeranan timbangan tina ieu pamoen doet ningal kana madjengna djaman nja eta tina parantos seueur Loerah kaloearan sakola bedjana mah aja kaloearan H. I. S. malah aja kaloearan sakola menak naunon tjenah. Tapi nja eta atoeh manawi tina teu aja sempet tea bae meureun, atanapi ...

Noe didadarkeun koe djoeragan Sipatahoenan, eta teh jaktos pisan. Ie res leres 1000 X leres na bet oeninga geuning tjatjak sanes noe ngawakan mah, mana komo noe ngabadanan' karaos pait peuheurna, tina kaabotanana, nja eta bae emoet kana paripaos abot didogong beurat diwawakeun.

Doepi oesahana moefakat sakoemaha noe didadarkeun dina S. P. teabae (koemaha pisaeeunana). Moeng koe kahajang heulaanan noe kedah ti pajoen, ponggawa desa noe geus aja bae, dangdosan saniskanten kaki ranganana, saparantosna ieu djalan, nembe ngadamel cursus pitjaloneunana.

Djalan kahidji koe panjileuk andjeun koe bade diajaan serat kabar poestaka mangsa. koe emoetan djisim koering kirang moefacatna margi: sajaktosna menggah kaajaan di desa teh sok soemawonten noe teu terang naon naon (matja noelis) tjatjak kaloearan sakola matja soerat dines oge sawareh mah tara tamat, sok komo ari boekoe-boekoe atawa soerat kabar mah dimana dongkap teh ngan tiap ditjabak teras bae dielep didamel djimat, malah sok aja oge noe teras didamel boengkoesan. Beuki tjoetjoed aja oge noe gadoeh raos paksaan dibeuli sotoh, sanadjan artosna tina kas desa.

Koe timbangan djisim koering lamoen jaktos bade ngamadjengkeun hal ieu langkoeng sae ngadamel Goeroe koeriling sakaboepaten (afdeeling) hidji tanapi 2 saban saban sasih disampeurkeun ka district districtna ditangtoekeun 4, 5 poë pikeun ngadjar roepi roepi kaperloean tea.

Sadjabi ti ieu maksad andjeun teh katjida tjotjogna doeka ari noe sanes mah, moegi moegi ieu oeroesan sing enggal aja boealna.

S. B. T.

## N. I. C.

### Bandoeng - Soerabaja.

Dina tanggal 28 Juni 1925, malem Senen geus kadjadian aja Combinatie vergadering N. I. C. Bandoeng djeung Natico Soerabaja, di gebouw Studie-Club Soerabaja minangka pangaping tina eta vergadering koe bestuur Studie-Club Soerabaja. (Djoeragan Dr. R. Soetomo). Eta vergadering diloeoehan koe Ir. van Leeuwen.

Kinten taboeh 8.30 Djoeragan Safioedin, Voorzitter N. I. C. Bandoeng njarios teu kinten lamina, kirang langkoeng $1^1/_2$ djam, anoe ditjarioskeun nja eta adeg-pangadegna N. I. C. Bandoeng tea; sareng nganggo pirang pirang tjonto anoe parantos kadjadian di tanah [illegible] Inggris.

Satamatna Djoeragan Safioedin njarios, teras Djoeragan Sangadji, voorzitter Natico Soerabaja njarioskeun adeg pangadegna sareng oedaganana N. I. C. (Natico) Soerabaja.

Oepami ngemoetkeun kana ngaran vereeniging anoe sami, tangtos bae toedjoeanana oge kedah sami, nanging ieu mah teu kinten anehna teh, noemoetkeun tjariosan anoe disebat tadi, adeg-pangadegna atanapi oedaganana N. I. C. Bandoeng sareng N. I. C. Soerabaja, teu kinten bedana teh, mani kawas beurang djeung peuting bae.

Tina kitoena nja teu woedoe oge, doegi ka ngadjadikeun aja debat, tapi boeboehan pada lantip, teu aja ketjap anoe kasar garihal.

Poetoesanana ieu vergadering nja eta kieu: N. I. C. Bandoeng koedoe diganti ngaranna oelah make ngaran N. I. C. lamoen tetep rek make djalan sorangan.

Ieu poetoesan koe Djoeragan Safioedin karoedjoekan jen N. I. C. Bandoeng baris diganti ngaranna. (Ari ngaganti ngaran mah koedoe njalametkeun atoeh! Corr).

Koe sabab N. I. C. Bandoeng hajang digawe babarengan djeung N. I. C. Soerabaja, vergadering moetoeskeun kieu: Sagala soçal-soeal masalah anoe ngantet djeung kaperloeanana bangsa djeung lemah tjai, djalan kitoe deui pikeun neangan djalan kamerdikaan djeung djalan pangoepadjiwa koe N. I. C. Soerabaja baris dipasrahkeun ka N. I. C. Bandoeng, soepaja ditimbang-timbang djeung dipikiran, koemaha paham tarekahna sangkan laksana. Ari N. I. C. Soerabaja anoe baris moetoeskeun djeung ngadjalankeunana.

Tapi lamoen paham N. I. C. Bandoeng katimbang koe N. I. C. Soerabaja jen moal pihadeeun oepamana, N. I. C. Soerabaja moal ngalakonan sakahajangna N. I. C. Bandoeng, tapi rek walakaja njorangan noeroetkeun azas djeung kajakinanana.

Tapi moedah-moedahan bae sing loeloes bangloes doeanana bisa silih toeloengan didamel babarengan, da doeanana oge keur ngabela bangsa djeung lemah tjai.

Koe kajakinan koering tangtos isoek pageto baris tembong kadjadiananana, noe hade meureun djadi badena, noe goreng meureun djadi gorengna.

Toenggoe koemaha bedjana djeung naon kadjadiananana.

B. S.

## Dogdog pangrewong.

Njoektjroek galoer noe kapoengkoer loeang noe katoekang, moenggoeh di Europa, kadjabi ti saroson-soson kana damel teh, katjida pisan ngamadjengkeunana kana sport (pangadjaran noe matak kiat kana salira) deui.

Demi noe kalebet kana sport tea, tangtos sadajana oge pada aroeninga, sapertos: ngodjaj. balap loempat, loeloentjatan, maen bal euz!.

Di oerang oge di Hindia Walanda djamah kabehdieunakeun mah sanggeus kabawah parentah katjida pisan ngamadjengkeunana kana sport teh, moeng bae di oerang mah noe djadi loeloegoe teh babakoena maen bal.

Meh di saban nagara (afdeeling) doeg deg ti saban pihak pada ngadeg keun pakoempoelan maen bal, oepadi di nagara nagara noe galede mah, sapertos di Bandoeng, Batawi, Soerabaja euz. estoe didaramel djedjerna tjarita dina pasal ngobrol djeung pada babatoeranana, taja deui noe di goenemkeun teh, ngan maen bal bae.

Doepi noe bade diwangkongkeun di dieu, njaeta perkawis maen bal, noe parantos kapendak koe sim koering pribados, di Garoet.

Sadajana anoe kaetang. seueurna di Garoet teh, aja 12 club (pakoempoelan), 11 bangsa priboemi, sareng 1 club bangsa Asing (Eropa). Wasta sa hidji hidjina club di dieu moal sadajana ditataan, moeng anoe perloe kaoeninga teh ieu:

OLYMPIA . . . Kampioen Garoet
K. V. C. . . . . No. 2.
U. N. I. . . . . No, 3.

Nilik sakitoe seueurna mah. atoeh matak reugreug pageuh pisan, asa sa geuj kana tereh tereh medjedjes teh! Naha saha noe mimiti noengtoenna asa rempoeg djoekoeng teuing? Da tangtoe ari aja noe ngoeroesna (bestuurna) mah???

Tjek sim koering: „Kantenan aja mah, nja eta Djr. Abas Soeria Nata Atmadja noe ajeuna parantos ngalih ka Blaradja. Eta teh „President" G. V. B. (Garoetsche Voetbal Bond). Doepi tilas Secretarisna kapeungker mah Djr. Soemadiningrat (Djaksa landraad Garoet) ajeuna koe emoetan andjeunna tangtos dibenoemd (dipilih) kana President.".

Euh kitoe, atoeh paingan clubna sakitoe seueurna, da noe djadi Bestuurna oge bangsa g e g e d e n (Prijaji) woengkoel.

Tjing, djoeragan President maen bal tjabang Tasik, enggal njeratan ka Garoet, diantos antos pisan ti Tasik. ti Tjiamis teh.

Aoenan k a m p i o e n GAROET!!! Noe ngengingkeun ZILVEREN BEKER ti Tasik tea sageuj ari parantos TALOEK mah.

Aeh, naha asa kamalinaan teuing ngawangkong teh, poenten bae koelan bade ningal ka HAOER PANGGOENG.

Toekang l a l a d j o

Garoet postmerk.

**Panlamboeng**

Kempelan maen bal di Garoet ten kinten reurengna: Koemaha kempelan noe sanes? Kinten-kintenna tiasa nerkab oepami di Garoet ngadegkeun Pasoendan? Asa teu kinten perloena ajeuna kedah aja „Nationale partij" lantaran aja bestuurshervorming tea.

Red.

## Goeroe-Goeroe.

R. Mh. Dahlan H. O. Pameungpeuk ngalih ka Padaherang.

Njimas Soekimi Tedjasoemantri diangkat H. O. sakola Istri Betawi XVII.

R. Haeroeddin M. G. Betawi XV ngalih ka Karangnoeggal (Tasikmalaja)

T. G. Wiria Soekardja M. G. Tjimanggis ngalih ka Batawi XV.

T. Sidi bin Rainan H. O. Betawi benoemd M. G. Tjimanggis.

T. Aboesalam diangkat H. O. Betawi XV.

Njimas Roejiah diangkat H. O. Krawang (sakola istri).

M. Soekarma M. G. Djatiwangi ngalih ka Tjikoneng (Tjiamis).

T. Sapri Setjamihardja benoemd M. G. Djatiwangi tina Ond. H. I. S. Betawi II.

M. Soehardi Inl. Ond. HIS Teloekbetoeng ngalih ka HIS II Betawi.

M. Djajadibrata M. G. Tjikembar ngalih ka Babakan Tjiparaj.

T. Wirasoeganda diangkat HO. Manondjaja.

Nji Raden Soehaeni Inl. Ond. HIS. Tjiamis ngalih. ka Meisjesschool di dinja keneh.

Njimas Arkasih HO. sakola Istri Singaparna ngalih ka Tasikmalaja.

Nji Raden Ninoh diangkat H. O. Meisjeskops. Singaparna.

M. Afandi HIS Bogor ngalih ka 2e HIS Bandoeng.

A. Srisaleh HIS. Teloekbetoeng ngalih ka HIS Bogor.

R. Hardja H. O. Manondjaja benoem M. G. Tjikembar Soekaboemi.

—o—

Raden Djoendjoenan Setiakoesoemah Civiel Geneesheer Poerwakarta ngalih ka Soemedang.

—o—

R. H. S. Prawira Plaatselijk Landrente ngalih ka Bandoeng.

T. Atmopawono Tolk Arbeidsinspectie Kwala Simpang ngalih ka Langsa.

—o—

Raden Mas Adipati Ariodinoto Regent sareng R. Mangkoesoebroto Onder Voorzitter Landraad, doeanana di Tjirebon masang-masang bade ngalesotkeun tina lid Gemeenteraadna, madjar ripoeh teuing koe damel. Saha gentosna?

—o—

### Regenten.

Raden Soerja Djanagara Patih Tasikmalaja benoemd Regent Di Bogor.

Raden Demang Soeriamihardja Patih Bandoeng benoemd Regent Poerwakarta,

Raden Abdoerahman Patih Meestercorneils benoemd Regent di eta tempat.

—o—

### Bade diitjal

3 tempat boemi arageung sareng sae taroskeun ka Djr. Sahari Panaragan Bogor

—o—

Kaperloean njitakeun noe aralit sing emoet ka Drukkerij Pasoendan di djalan station Tasikmalaja.

—o—

Perloe pisan para poetra dialadjarna teh sanes di sakola bae, noemawi mangga poendoet boekoe-boekoe pasoendan Tasikmalaja.

—o—

## Pilihan lid-lid II Kamer.

Di Nagri Walanda Katoehoe 58 Kentja 42.

A. **Kaom katoehoe:** Djago-djago Katholieke Staatspartij kapilih 30 lid, nja eta: Van Sasse, van Ysselt, Fiekens Deckers, Wintermans, Van Rijckkevorsel, Vos, Van Rijzewijk, Molder, Nolens, Ruijs de Beerenbrouck, Bongaert Hermans, Ament, Bulten, Baron van Wijnbergen, van Schaik, Roring, baron Van Voorst tot Voorst, Engels, Aalberse, Van Ouitren, Koolen, Kuiper, Meijer, Veraart, Van Dijk, Kortenhorst, Bomans, Loerakker djeung van der Bilt.

Djago-djago Partij Anti revolutionair kapilih 13 nja eta: H. Colijn, Rutgers Heemskerk, Van Dijk, Duijmaer Van Twist, Schouten, Beumer, Visscher, De Wilde, Smeenk, Zijlstra Scheurer djeung Bijleveld.

Djago-djago Chirstelijk Historische partij kapilih 11 lid nja eta Schokking, De Geer, Snoeck Henkemans, De Visser, Bakker, Weitkamp Krijger, nona Katz, Tilanus, Lovink djeung Baron Van Boetzelaar van Dubbeldam.

Djago djago Partij toean Kersten kapilih 2 lid nja eta Kersten djeung Zoudt.

Djago Katholieke Volkspartij. kapilid 1 lid nja eta Arts.

Djago Hervormd gereformeerde partij kapilih 1 lid, nja eta Lingebeek.

B. **Kaom kentja:** Djago-djago Sociaal Democratische Arbeiderspartij (S. D. A. P.) kapilih 24 lid, njaeta Vliegen, Kleerekooper, Van Braambeek, Terlaan nona Suze Groeneweg, van Zadelhoff, Terlaan, Yzerman, Gerhard Van der Tempel, Stenhuis, Duijs, Camer, Van der Waerden. Sannes Hemstra, Albarda, Schaper, njonja De Vries Bruins, Van der Heide, Drop, Van den Bergh, Van der Huis, djeung Brautigam.

Djago-djago Vrijheidsbond, kapilih 9 lid, nja eta Dresselhuijs, nona Johanna Westerman, Baron Van Rappard, prof Van Gijn, Boissevain, Droogleever, Fortijn, Ter Hall djeung Knottenbelt.

Djago-djago Vrijzinnig Democratische Partij kapilih 7 lid, nja eta: Marchant, Oud, njonja Bakker Nort, Ketelaar, Ebels, Joekes, Van Aalten.

Djago Plattelanderspartij kapilih Braat. Djago Communnist kapilih „Lou" De Visser.

## K A B A R.

**Tina s. k. Walanda.**

H. Colijn djago kapitalist rek ngangkat minister-minister di Nederland. Programma politiekna keur dibarempoegkeun djeung batoer-batoerna.

—o—

Toean Feber specialist Partij Katholiek di Nederland (IIde Kamer) noe ngarobah „Bestuurs hervorming" soepaja lid Volksraad bangsa priboemi dikoerangan rek balik deui ka Indonesia, lantaran teu dipilih deui kana lid tweede kamer.

—o—

Di Inggris geus ngadeg koempoelan sagawe toekang ngala areng batoe, toekang kareta api, masmis-masmis djeung koeli-koeli roda. Reana lid kira-kira aja 5 malioen. Ieu pagoejoeban sigana bakal djadi santosa pisan.

—o—

Kabar ti Marokko bangsa Prantjis ripoeh keneh koe hantemanana Rifkabijlen.

—o—

Di Volksraad keur dibarempoegkeun robahan milih lid Gemeenteraad. Kahareup oerang priboemi Walanda milih lid Walanda. Tatandinganana reana lid priboemi kana reana lid Walanda henteu dirobah (Teu moepakat saeutik-eutik atjan enggal protest H. B. Pasoendan Corr.)

—o—

Di Koeningan bedjana aja boedak awewe oemoer lima taoen djadi Wali (Ieu kabar pondok pisan teu dibedjakeun koemaha kabisana eta Wali tea Red.).

—o—


## Hatoer Oeninga.

Ka soegri noe paramaos weekblad Sipatahoenan ti kaping 1 Augustus 1925 pribados parantos ngadamel hidji atoeran anjar, kaperloean oerang Soenda noe raresep maos, nja eta ngadamel BEUNGKEUTAN BOEKO noe eusina 10 boekoe 10 warna, nja eta:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Wawatjan Samaoen | pangaos | f 0,45 |
| 1 | „ Nabi Paras | „ | f 0,50 |
| 1 | „ Toendjoeng Woelan | „ | f 0,75 |
| 1 | „ Enden Djadja | „ | f 0,30 |
| 1 | „ Lalanang Sadjati | „ | f 0,15 |
| 2 | „ Abdoel Moeloek I en II | „ | f 1,— |
| 1 | „ Kadoeboeng tara ti heula | | f 1,— |
| 2 | „ Tjioeng I en II | pangaos | f 0,70 |
| | | Djoemlah | f 4,85 |

Tah saha-saha noe palaj boekoe-boekoe noe disebatan di loehoer, enggal bae ngintoen artos f 3,50 (tiloe roepia satengah) ka:

**M. ENCKA-WIDJAJA**

Tjimoerah-Garoet.



**TOKO OBAT**

**Universeel Agentschap**

**NIC MULLER**

**TASIKMALAJA**

**Goenoengladoe No. 15**

**Telefoon No. 26.**

Nembe katampi, mangga soemping ladjeng ngagaleuh.

| | |
|---|---|
| Colol landong ngaberesihan lamboet | f 3.50 |
| Sodah koëh 1 K. . . . . | f 1,40 |
| Gips kanggo doktor waos 10 K.G. | f 8,— |
| Coustic sodah (sodah Api) 50 K.G. | f 18,50 |
| Pixavon (ngaberesihan koelit sirah) | f 1,40 |
| Santonine (obat tjatjing) 10 | f 0,85 |
| Tjai Kina landong demem . | f 1,50 |
| Landong sariawan (tadjam) . | f 2,— |

Saboen landong sareng saboen seungit roepi-roepi.
Kompa kahoeroean PRIMAX,
Tjet panganggo sarae.
Roepi² landong patent, aroteun, sesepeun kadaharan baroedak, kaperloean Sport.

Hoermatna

40 **Nic Muller.**



# SCHOOL VEREENIGING „GALOEH"

**di T J I A M I S.**

H. I. S. „GALOEH" di TJIAMIS, mimiti boeka tanggal 1 Augustus 1925 (11 Moeharam 1343). Noe bade ngalebetkeun sae enggal bae tjandak moerangkalihna.

*'t BESTUUR.*



**Awas!** Oelah lali - bilih kaliroe **Awas!!**

# „T O K O - E M P A N G"

**Stationsweg Tasikmalaja.**

Sajagi roepi-roepi panganggo KADINESAN, anggoeun PONGGAWA² DESSA, noemoetkeun atoeran ajeuna sapertos:

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1 | Stel raksoekan lantjingan bodas pangaos ti f 10,50 doegi ka | f 17,— |
| 1 | „ „ „ drill gading sareng hedjo pangaos ti f 10,— „ „ | f 14,— |
| 1 | Petji anggoeun Loerah compiit pangaos f 11,—sareng . . | f 12,— |
| 1 | Stel (7 kantjing) perak 800 Letter D. pangaos f 5,75 sareng . | f 6,— |
| 1 | „ (7 „ ) nekel „ D. pangaos f 3,25 sareng . | f 3,50 |
| 1 | Pasang polet passement anggoeun Loerah pangaos f 1,50 f 2,— sareng | f 2,50 |
| 1 | „ „ anggoeun Djoeroetoelis, Poendoeh, sareng salerasna pangaos f 0,50 sareng | f 0,70 |
| 1 | „ poetih pangaos f 2,50 f 3,50 f 4,50 f 5,50 sareng . | f 6,50 |
| 1 | „ Sepatoe pandjang (Laa) koelit hideung atawa meta nomer roepi-roepi pangaos f 7,50 sareng | f 10,— |

Oepami palaj dikapoet kedah tambih f 1,— sapasang
Sareng oepami ngagaleuh panganggo Compiit kenging potongan $7^1/_2$%.

Bilih aja noe palaj nganggo Lawon Lena atanapi half Lena pangaos sae badanten deui.

Sareng sadjabi ti eta sajagi roepi-roepi tarico, soetra Danas, Zerge-Blauw, zerge-gading, lawon pipajamaeun, pikamedjaeun sareng sanes-sanes deui.

Hoermatna

38 **H. M. DJOEWAENIE.**

Kedah taliti pisan tingalan roepina dasarna. sareng modelna, margi aja noe . . . . . .

## Hatoer oeninga!

Djoeragan-djoeragan oepami ngagaleuh kopeah model Padang, baris itjalkeuneun deui memeh ngagaleuh kanoe sanes mangga tjobian heula ka djisim koering soemping koe andjeun atawa moendoet badanten koe serat.

Noe didamelna tina Sindelijn, soetra, kasar, seleng sareng noe pangsaena.

Pangaosna ditanggel pangmirahna pisan

Perdjangdjian: oepami padamelanana teu kaanggo sareng pangaos langkoeng awis ti noe sanes kenging di wangsoelkeun deui. nanggel moal njesahkeun noe ngagaleuh, mangga enggal tjobian.

Hoermatna noe ngantos

**S O E R D J O**

48 Bengkel kopiah di kp. Tjiboengkoel Indihiang Tasikmalaja.

---

## TAN HOEN AUW

Toekang pasang gigi sareng panon palsoe ti Bandoeng ajeuna di Pasarbaroe Tasikmalaja.

Adres anoe mirah padamelan ditanggel sae.

Dina katoeangan-katoeangan anoe raraos sok sering ngadjantenkeun roa oelam saladjengna kasawat waos anoe sesah pisan dilandonganana. Meh teu tiasa deui njarioskeun sakoemaha kateuraosanana anoe kasawat waos, anoemawi kedah didjagi ti samemehna.

Ajeuna sim koering njajagikeun saniskanten landong anoe koemaha bae, nja kitoe deui ngadjagi soepados salamina waos sehat berseka, tiasa didjagi koe landong sim koering.

Para Istri dioeroesna koe njonja. Mangga saroemping.

Hormat noe ngantos-ngantos

11 **TAN HOEN AUW**

Pasarbaroe 59 Tasikmalaja.

---

## HEALTH IS BETTER THAN WEALTH

### Kasehatan badan ada lebih berharga dari kekajaan wang

Kawarasan langkoeng paedah tinimbang kasoegihan.

Insja Allah tanggoeng baik dan mandjoer obat-obat dari Hindoestan.

Dengan segala hormat! saja memberi taoe pada sekalian Toean-toean dan Njonja-njonja bahwa saja baroe boeka toko dari obat-obat boeat segala roepa penjakit seperti terseboet dibawah ini:

Sakit Bawasir (Ambeij of lai Gwa Tie Tjeheng) keloear berak dara, sakit Prampoean (Sijphilis) loeka dikemaloean, sakit Kentjing (Gonorrhosa) Kentjing dara atawa Nana sakit Kentjing Manis (Diabetes) sakit Loeka-loeka dan loeka-loeka lantaran dara kotor, sakit Napas batoek kering of biasa of loedah dara dan demem segala roepa sakit koerang koeat atawa koerang sjawat kemaloean lembek dan sakit Mata, segala roepa sakit Medjen boeang-boeang aer berak dara, boeat orang prampoean keloear dara boelanan tida tjotjog atawa tida kaloear sama sakali, atawa dara poeti atawa tempo keloear dara berasa sakit diperoet dan lain-lain segala penjakit djoega jang tida diseboet di sini ada sedia obat obat jang mandjoer sekali, obat boeat Ramboet bikin pandjang dan bikin aloes dan lagi saja kasi inget kaloe Toean-toean dan Njonja-njonja soeda taoe obat dari orang lain tapi beloem baik harep djangan loepa tjoba-tjoba saja poenja obat (Insja Allah Ta'ala) Toean-toean dan Njonja-njonja penjakit lama atawa baroe lekas bisa ilang dari dalem dan keloear badan zonder operatie badan bisa semboeh dan sehat betoel-betoel harep saksiken sendiri.

Kaloe orang bawa soerat dari Wedana atawa Controleur, jang dia ada miskin obat vrij kaloe tida bisa dateng boleh panggil sama saja of minta obat dikirim Rembours harga moesti pantes.

---

Noe nawis di handap ieu nerangkeun ka para djoeragan sadaja, jen ajeuna sim koering parantos moeka toko obat tina saniskanten panjawat, sapertos di handap ieu:

Kasawat ambe, radja singa, kentjing manis, medjen kenging koe ratjoen gohgoj eungap batoek gangsa, salesma oetah-oetah getih, moeriang panas. njeri patoeangan, angen, salira intjok rieut djangar, katedoen, kirang getih. lalesoe, paregel bae, panjakit koneng sareng roa-roa deui anoe teu katebat ka dieu.

Memeh ka noe sanes mangga tjarobian heula ka sim koering atanapi bilih kirang mental ti noe sanes mangga soemping ka toko obat simkoering, nanggel dirawat sae sareng njenangkeun. Nanggel teu kedah dibelek (operatie) sim koering tiasa ngadamangkeun saniskanten kasawat anoe matem, kenging diabenkeun.

Ka anoe kirang mampoeh asal aja katrangan ti djr. Wadana atawa Controleur, tiasa kenging landong pertjoemah. Salamina njajagikeun landong koe djalan rembours.

Nampi panjaoer ka boemi anoe palaj diparios, kasawat koemaha bae.
Ongkos sareng pangaos landong nanggel mirah kenging diraoskeun.

**Nama obat dan harga.**

1 Batoek mengi f 5,— 2 Batoek gangsa f 2,50 3 Batoek biasa f 1,— 4 Pegel linoe f 2,50 5 Sakit mata f 1,— 6 Mata lamoer f 2,50 7 Sakit peroet f 1,— 8 Sakit kalingsir f 2,50 9 Sakit sakit badan f 2,50 10 Medjen f 1.50 11 Salesma f 1,— 12 Sakit kapala f 1,— 13 Sakit tadjam f 1.50 14 Obat tjatjing f 1,— 15 Bisoel f 1,50 16 Penjakit koening f 2,- 17 Sakit sekalor f 2,— 18 Rieut djangar f 1,50 19 oebar kokoloteun f 1,50 20 haloes koelit f 1,50 21 pandjangkeun ramboet f 1.50 22 ngilangkeun ramboet f 1,— 23 obat gateul f 1,— 24 rauang f 2,— 25 roepa roepa haheut f 2,50 26 oebar panon beureum f 1,— 27 oebar ngaberesihan f 1,— 28 njeri parindikan f 2,50 29 njeri gigir f 2 50 30 njeri saboekoe boekoe f 2 30 31 njeri oerat oerat f 2,50 32 kaligata f 2.— 33 njeri tjangkeng f 2,— 34 njeri tjeuli f 1,— 25 koerang sare f 1,50 36 seueul angen f 1,—

Obat bikin gemoek dan obat bikin koeroes ada sedia.
Obat penjakit jang djahat djahat sedia.

Saja memoedjiken dengan hormat

Toko Obat dari Hindoestan

**F A Z A L M O H A M A D**

Stationsweg moeka Sekola H. I. S.

Tasikmalaja.

N. B. Saja tida ada orang jang keliling, kalau maoe beli obat-obat dateng sadja di Toko. 47

---

Eere diploma ti Groote Tentoonstelling Tasikmalaja. 1975

## Koek - en Banketbakkerij

Fabriek

RADEN NATAMIHARDJA

**Stationsweg 15/17 Tasikmalaja.**

Sadjahi ti sajagi koeweh-koeweh teh disajagikeun tempat ngaleueutna noe sampoerna.

Sareng tiasa ngitjal kaperloeanana koeweh sapertos: boemboena, klosirna sareng kembangna oge, panga os kenging badanten.

Tiasa mangdamelkeun ijs poeter noe sajaktosna dina 1 Liter timbangan pangaos f 2,50 doegi ka f 5— ditanggel sae.

Noe ngantos

17 **Raden Natamihardja.**

Stationsweg 15/17 Tasikmalaja

---

## NEMBE DONGKAP!

Peti artos beusi, kiat, kenging diterapkeun kana medja' ageungna aja doea roepi. pangaosna f 22,50 sareng f 32,50

Vulpen „Osmia" noe parantos kasohor kasaeanana. No. 1. f 10.— No. 4 f 15.—

Mangsi paragi ngagambar, 6 roepi f 1,50

Djam paragi dina medja, nganggo timbangan hawa (thermometer), almanak poeter paragi saban taoen sareng sabak alit kangge notes f 7,50

Dompet koelit paragi artos kertas f 5,—

Boekoe no'es nganggo A. B. C. f 1.—
Boekoe pangadjaran basa Walanda.
Boekoe dagang, toelisan. gambar.
Kertas gambar, goerat, polos.
Mangsi, patlot, dj. st.

Roepi-roepi barang.

Mararirah! Sararae! Pangaos pasti!

49 Toko Boekoe

**L. A. LEZER.**

Tasikmalaja.

---

Djoeragan² sareng saderek² oelah kahelokan, moal aja noe bireuk, moal enja henteu oeninga, ka Pasar baroe Tasikmalaja. Pilari bae dina roangan No. 1 Los letter B. didinja aja waroeng GENDONG (bangkelan) anoe parantos kasohor kamirahanana sareng marodel barangna mangga soemping saban dinten oge boeka di adjeng² pisan.

Hoermatna

50 **Mh. SATIBI**

---

## KEMBANGGOELA HOPJES.

jang paling enak.

per blik isinja 400 bidji f 3,—

Boeat djoeal lagi per peti isih 4 blik à 400 bidji f 10.—

STROOP jang paling enak

per fl. f 0,50

voor djoewal lagi

1 peti isi 10 fl. . . . . . . . f 4,—

Terisi Roepa-roepi Seperti:

Frambozen, Rozen, Chitroen, Ananas, Pisang enz.

Melainken toleh dapet pada:

Merk DJIT GOAT BING

27 Semarang.

---

## HOTEL BANDOENG

di SOERABAJA.

Oepami ka SOERABAJA koeiem di HOTEL „BANDOENG" ditanggel bersih sareng resep. Noe ngoeroesna oerang Soenda.

Beheerder

1 **I. H. MAKSOEDI**

Eigenaar

**H. MAHMOED.**

---

## Dr. TAN TJOEN HAIJ

**ARTS.**

Di Kebondjoekoet Zuid Bandoeng, tjaket tilas boemina Dir. Dr. Saleh Marhoem.

Ngalandongan sagala roepi panjawat marios saban dinten.

**Waktosna.**

**Endjing-endjing 7-9**

**Sonten 4-5** 41

---

## INILOO!

Fabriek Segala Matjem Saboek (iket pinggang) koelit Kalf en Bruin dan kain Grim Boeloe. Oekoeran lebar $1^{1}/_{2}$ sampe $3^{1}/_{2}$ Duim, dan Segala Model Koepjah Beloedroe en Koepjah Palang Aloes dan kasar, Sandal en Teroempah - terbikin dari koelit Betoel.

Menoenggoe pesenan Dengen Rembours,

**H. M. A. MOEGNIE**

46 GRISEE.

---

## SIK DJOEN KWAN

### TOEKANG GIGI

**Tjihideunggede No. 23 Tasikmalaja.**

Teu aja deui angen-angen sadajana, jen di doenja palaj hiroep senang sareng kasehatan, dina barang toeang kapalaj teh anoe parelem anoe raraos bae. Handjakal tina hal barang kasehatan waos mah, margi sakoer anoe di toeang eta sajaktosna nambihan oelam, teu karaos njarelapna dina waos, lami-lami ngagoendoek ka lebet doegi ka kadjadian njeri waos sareng koropok.

Di dieu bade diterangkeun, jen kasawat waos oepami teu di toeloeng koe ahlina (dokterna) moal tiasa sae, katoeangan anoe teu antjoer pisan ngadjadikeun kasawat lalendeng poesing, njeri patoeangan, sesek napas, eungap, teu aja napsoe kana barang toeang sareng sanes-sanesna. Ieu sadaja kasawat moal tiasa sae leres-leres, oepami waos masih teu sehat, ngandoeng pirang-pirang oelam.

Ajeuna sim koering di dieu parantos ngadeg tokona njajagikeun roepi-roepi landong waos, anoe koemaha bae tiasa dilandongan koe sim koering kalawan ditanggel.

Nja kitoe deui njajagikeun waos palsoe, poslen, toelang, perak, emas saniskanten aja. Ngaratakeun waos ngaberesihan sareng ngagilapkeun soepados herang sapertos kilat tatit, koemargi kieu, tangtos djadi ngawoewoeh tjahaja.

Njajagikeun deui panon palsoe, oelah salempang.

Djoeragan djoeragan istri dilandonganana koe njonja, nja eta poen bodjo.

Anoe ngantos pesenan a saroempingna'

**SIK DJOEN KWAN**

18 Sarimbit.

---

## SINSHE TAN KOO HWIE

**ti SHANGHAIJ**

**Ngahidji sareng toekang gigi Sik Djoen Kwan.**

Kawentar Tabib toeroenan TJOW TWAN, mang taoentaoen mat'eh di Sang Hai nanging koemargi timboel bahaja perang tea, kapaksa sim koering njingkah, nja ka dieu.

Roa serat poedjian sareng anoe njarebatkeun jen djadi kaoentoengan ageung pisan ka oerang dieu, lantaran aja sim koering, tingali kaajaan landong sareng petana ngalandongan.

Moeng handjakal saeutik reh sim koering di dieu meh teu pati tiasa leres-leres kana Malajoe, kedah basa Tjing Im bae, noemawi ngabadja moegi-moegi koe lantaran ieu Serat kabar tiasa njebar aroeningana kana ajana toko Sim koering.

Tiasa ngalandongan: kolera, batoek gangsa, panjakit koening, Radjasinga, tjindekna anoe bangga-bangga mangga sim koering heula tjobian. raoskeun. Ngalandongan moerangkalih, anoe salesma, lebet angin, moeriang, panas tiris sareng roa² deui.

Pembajaran nimbang-nimbang kana kamampoehanana, anoe teu kiat mah vrij.

Anoe bade djangdji dilandongan doegi ka saena (Pauw Ie) sae badanten bae.

Nampi tamoe: taboeh $8^{1}/_{2}$ doegi ka 11

taboeh $3^{1}/_{2}$ doegi ka 6 sonten. 42

---



TJAP G-DJAH

Toko Soenda

## H. M. SOBARI

**di SINDANGRADJA**

(Pengkolan ka Tjisajong) Halte Indihiang.

Djr.-djr. sareng Wargi-wargi oelah lali, oepami bade ngagaleuh kopeah anggoeun (itjalkeuneun deui) anoe sae, anoe kiat, anoe mirah pangaosna. Sajagi di koering roepi-roepi kleur noe didamel tina soetra pangsi No. 1 No. 2 sareng tina lawon sinclin potongan „Padang" sareng njajagikeun roepi-roepi kopeah bloedroe model Soerabaja, Penang sareng model Singapoera anoe dipikaresep koe djaman ajeuna. Mangga soemping ka Pasar baroe di Los letter I. roangan No. 2 Tasikmalaja, saban dinten Senen sareng Kemis, oepami ti noe tebih perjogi agintoen serat (pesenan) ka djisim koering adres noe ka sekat di luhoer. 44

---

**Mangga ngalanggan Advertentie di Sip. moerah hasil maksoed**